Министерство Просвещения Российской Федерации

Министерство образования и науки Республики Дагестан

Администрация МО «Город Махачкала»

МБОУ «Гимназия №11»

| Рассмотрено<br>на заседании ШМО<br>учителей родных языков<br>Руководитель ШМО<br>______________<br>А.М.Махмудова<br>Протокол № 1<br>от 28.08.2023 г. | Согласовано<br>Заместитель<br>Директора по УВР<br>______________<br>М.Ф.Алиева | Утверждено<br>Директор<br>______________<br>З.Я. Дибирова<br>Приказ № 48-П<br>от 31.08.2023 г. |
|---|---|---|

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

учебного курса

«Аварский язык»

5-9 классы

Махачкала 2023 г.

# ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

Программа хIадур гьабулаго, кьочIое росун ругоАслияб школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарт[1], гьединго Тарбия кьеялъул мисалияб программаялъулъ[2] загьир гьарурал цIикIкIараб кIваралъул мурадал ва масъалаби.

Программаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар мацI малъиялъул мурадалда рекъон стандарталъул хIасил рагьула ва рагIа-ракьан бахъун мухIканлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIалдохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула.

Программа ккола мисалияб, ва гьеб хIисабалде босула авар мацIалъул программаби ва учебникал хIадур гьарулел автораз, ай гьелъул кьучIалда гIуцIизе бегьула хIалтIул программаби ва цIалул тIахьал.

Аслияб школалда авар мацI лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе:

– маданияталъул бутIа хIисабалда мацIалдехун хIакъикъияб, бичIчIи бугеб бербалагьи гьаби;

– обществоялъ къабул гьабурал рухIиялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул гIумруялъул киналго рахъазул хIакъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьаркьоблъи (ай бухьен) гьабиялъеги рахьдал мацIалъ квербакъулеблъи бичIчIи;

---

[1] Федералияб стандарт тасдикъ гьабун буго Россиялъул Федерациялъул лъай кьеялъул министерствоялъул приказалдалъун кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул лъебералда цоабилеб маялда, № 286 (Россиялъул Федерациялъул юстициялъул министерствоялъ гьелъул регистрация (хъвай-хъвагIай) гьабун буго кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул щуабилеб июлалда, № 64100

[2] Тарбия кьеялъул мисалияб программа тасдикъ гьабун буго гIаммаб лъай-кьеялъул федералияб цIалулгун методикияб цолъиялъул хIукмуялда рекъон (кIиазаралда къоабилеб соналъул кIиабилеб июналда хъвараб протокол, № 2/20).

– рахьдал мацӀалъул эстетикияб бечелъи (ай рахьдал мацӀалъул берцинлъи, гьайбатлъи, чӀурканлъи) бичӀчӀи;

– щибаб къойилаб гӀумруялъулъги цӀалулъги хӀалтӀизабизе бажарулеб куцалда рахьдал мацӀ лъазаби; калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада ричӀчӀизевацоцадагьоркьоббухьенчӀезабизебугеббажарицебетӀезаби; цӀалиялда хурхарал батӀи-батӀиял хӀалтӀаби гьаризе гъваридго мацӀ лъай (ай мурадлъезеги,пландгӀуцӀизеги,жиндиргокаламалдахадубхалккверзеги, каламалъулъ риччарал гъалатӀал ритӀизаризеги бажари).

– фонетикаялъул, лексикаялъул, рагӀи лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул хӀакъалъулъ лъай щвей; жамгӀияб гӀумруялда жаниб гьелъул кӀвараласул хӀакъалъулъ баянал кьей, битӀунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул бажари камиллъизаби, лъималазул рагӀул нахърател бечелъизаби.

РахьдалмацӀлъазабиялдацеречӀаралмасъалабилъунккола:

– батӀи-батӀиял лингвистиял словараздаса ва цогидалги источниказдаса къваригӀарал баянал роси ва гьел кьучӀдасанго хиси;

– мацӀалъул гӀуцӀиялъул ва гьеб дандекколеб куцалъ хӀалтӀизабиялъул, гьелъул стилистикияб рахъалъ бугеб бечелъиялъул ва литературияб мацӀалъул аслиял нормабазул хӀакъалъулъ щулияб лъай щвей;

– мацӀалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезе, гьезул анализ гьабизе, гьел дандеквезе, ратӀарахъизе ва тӀелазде рикьизе бугеб бажари цебетӀезаби;

– кӀалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, батӀи-батӀияб ахӀвал-хӀалалъулъ мацӀ хӀалтӀизабиялъул къагӀидаби, каламалъул этикаялъул нормаби щулаго лъазари;

– активияб ва тӀатине бегьулел (потенциалиял) рагӀабазул нахърател бечелъизаби;

– каламалъулъ хӀалтӀизабулеб грамматика къадаралъул, объёмалъул рахъалъ кӀодо гьаби;

– цIалиялда хурхарал хIалтIаби гьарулаго, щвараб лъаялдаса ва лъугьараб бажариялдаса пайда босизе бугеб махщел камиллъизаби.

**КурсалъулгIаммабхарактеристика**

Аслияб школалда авар мацIалъул курс буссун буго напсиял, метапредметиял ва предметиял хIасилал тIуразариялде. Гьединаб мурадалде щола цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъ. ЦIалдохъабазда гъваридго лъазе ккола кIалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, гьезда бажаризе ккола гIумруялъулъ кIвар бугел бакIазда мацIалдаса пайда босизе. Гьезие щвезе ккола жамгIияб бечелъи ва мацIалъул система хIисабалда мацIалъулги, гьелъул гIуцIиялъулги, гьеб цебетIезабиялъулги хIакъалъулъ чара гьечIого къваригIарал баянал; гьезда щулаго лъазе ккола авар литературияб мацIалъул аслиял нормаби, цIалдохъабазул калам бечелъизе ккола грамматикияб гIуцIиялъул ва рагIабазул нахърателалъул рахъалъги; гьезда бажаризе ккола батIи-батIиял лингвистикиял словараздаса пайда босизеги, мацIалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезеги, гьезул анализ гьабизеги. ЦIалдохъабазда бичIчIизе ккола мацI миллияб культура загьир гьабулеб формабазул цояб кколеблъи, мацIалдаги тарихалдаги гьоркьоббугеббухьенва рахьдалмацIалъул миллиябгин культураялъулхаслъи; гьезда лъазе ккола каламалъул этикаялъул нормаби ва лъилгунниги гьоркьоблъи гьабиялъул культураги.

Лъай бугев цIалдохъанлъун вахъизе кумек гьабула метапредметиял статус бугел гьал хадусел хIалтIабаз:

*цIалиялда хурхарал батIи-батIиял коммуникативиял хIалтIаби* (каламалъул батIи-батIиял тайпаби лъазе, гIел бащадазулгунги цIикIкIаразулгунги пайдаяб калам (гара-чIвари) гьабизе; кIалзул ва хъвавул калам лъикI бичIчIизе, лъураб суалалда тIасан тIубанго, битIун, дурусго ва пасихIгожиндиргопикрузагьиргьабизе,хурхенгьабулаго,хъвавулва

кIалзул каламалъул аслиял нормаби ва каламалъул этикаялъул къагIидаби цIунизе ва гь.ц.);

*цIалиялда хурхарал батIи-батIиял нахъгIунтIиялъулал хIалтIаби* (суалалъе къокъго ва мухIканго баян кьезе, далил бачун бихьизабизе, жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе; жиндирго ритIухълъи хIужжабаздалъун чIезабизе; батIи-батIиял источниказдаса чара гьечIого къваригIараб информация босизе; аслияб информация аслияб гурелдаса батIабахъизе; коммуникативияб мурадалда бан, цIалиялъул тайпа тIасабищулаго, цIалиялъул мурад бичIчIизе, информация балагьиялъул методалхIалтIизаризе;информацияцIидасанкъачIазе,системаялдебачинева батIи-батIиял къагIидабаздалъун бихьизабизе ва гь.ц.);

*цIалиялда хурхарал батIи-батIиял регулятивиял хIалтIаби:* (жинца гьабулеб хIалтIул мурад лъезе ва гьелъие баян кьезе; гьабулеб хIалтIул тартибалъул план гьабизе ва нагагь хIажалъани гьеб хисизабизе; гьабураб хIалтIул жинцаго хал гьабизе, гьелъие къимат кьезе ва гь.ц.);

Гьеб хIалалда, авар мацIалъул курсалъул аслияб куцалда кIвар буссун буго литературияб мацIалъул нормабиги лъалев, жиндирго пикру ва рекIел хIал эркенго кIалзул ва хъвавул формаялда загьир гьабизеги бажарулев, цогидазда кIалъалаго этикиял нормабиги цIунизе лъалев тарбия щваравинсан гIезавиялде.

Авар мацIалъул курс цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъул мурадалде буссараб букIин бихьизабулеб буго гьеб курсалъул гIуцIиялъги. Гьениб щибаб классалда кьураб материал бикьун буго кIиго бутIаялде.

ТIоцебесеб бутIаялда кьун буго цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе ругьун гьариялъул материал. Гьеб бутIаги гIуцIун буго гьал хадусел разделалдасан: «МацIалъул хIакъалъулъ гIаммаб баян», «МацI ва калам», «МацI ва культура», «Калам хIалтIизаби», «Текст», «МацIалъул

хъулухъ».

КIиабилеб бутIаялда кьураб материалалъ цIалдохъабазе мацI лъазабизе кумек гьабула. Гьеб бутIаялда гъорлъе уна гьал хадусел разделал: «Фонетика ва орфоэпия. Графика», «Морфемика ва рагIи лъугьин», «Лексика ва фразеология», «Морфология», «Синтаксис», «БитIунхъвай: орфография ва пунктуация».

Гьел разделалги гьадин рикьун лъазарулел руго: 5, 6 ва 7 классазда малъула фонетика ва орфоэпия, морфемика ва рагIи лъугьин, лексика ва фразеология, морфология ва битIунхъвай. Синтаксис лъазабула 8 – 9 классазда: рагIабазул дандрай ва гIадатаб предложениялъул синтаксис – 8 классалда, жубараб предложениялъул синтаксис – 9 классалда. Амма синтаксисалъул хIакъалъулъ бищун гIадатал (авалиял) баянал 5 классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьучIалда лъазабизе, калам цебетIезабиялъул ва пунктуациялъул хIалтIаби гьаризе рес букIине. Гьеб материалги программаялда линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго.ГьединабпринципгикьочIоебосун,«Лексика»,«РагIилъугьин», «Предметияб цIар» гIадал темаби 5 ва 6 классазда, «Глагол» 5, 6 ва 7 классазда кьун руго. ХутIарал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва гIатIидго.

Гьединго программаялда дандчIвала байбихьул классазда лъималаз лъай-хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби гIатIидго малъизе ккола.

Рахьдал мацI лъазабулаго, тIадехун рихьизарурал бутIабазулъ кьураб материалалда гьоркьоб щулияб бухьен букIине ккола. Масала, курсалъул разделал малъулаго, гьезул щибалда жаниб бугеб грамматикияб материал лъазабиялда цадахъ цIалдохъабаз хIаракат бахъула калам камиллъизабизеги, цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе бугеб бажари цебетIезабизеги, миллиябгин культурияб бечелъи хIисабалда рахьдал мацIалъул хIакъалъулъ бугеб бичIчIи гъварилъизабизеги.

**ЦIалулпланалдаавармацIалъккураббакI**

Аслияб школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 153 сагIат.Гьездагьоркьоса 5–8 классазда 34-34 (анкьидажаниб 1 сагIат, 34цIалуланкь),9 классалда  17 сагIат кьун буго.

**ЦІАЛУЛКУРСАЛЪУЛГІУЦІИ**

**5 КЛАСС**

**МацІгІадамаздагьоркьоббухьенгьабиялъулалатхІисабалда**

МацІ ва инсан. МацІ миллат цІуниялъул кьучІ хІисабалда. Хъвавул ва кІалзул калам.

Каламалъулстилал:гара-чІвариялъул,гІелмиябвахудожествияб.

**Байбихьулклассалдамалъарабматериалтакраргьаби**

РагІулгІуцІи.Геминаталвалабиалиялгьаркьал.ПредметиябцІар. Прилагательное.Глагол.

**Синтаксисвапунктуация**

РагІабазул дандрай. РагІабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагІи.

Предложение.Предложениялъулграмматикиябаслу.

Текст. Тексталъул тайпаби.

Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тІалабияб.

Интонациялде балагьун, ахІул предложение. Предложениязул ахиралда лъалхъул ишараби.

ПредложениялъулбетІеральвабетІералгурелчленал.

Предложениялъул бетІерал членал: подлежащее, сказуемое, битІараб дополнение.

Предложениялъул бетІерал гурел членал: хъвалсараб дополнение, определение, хІалал.

ТІиритІаралгитІиритІичІелгипредложениял.

Тайпа цоял членалгун предложениял. Союзалгунги (**-ги, ва, я, ялъуни, амма)** союзал гьечІогоги тайпа цоял членал. Тайпа цоял членазда гьоркьоб запятая.

ХитІаб.ХитІабгунлъалхъулишараби.

ГIадатабпредложениялъулсинтаксисиябразбор.

ГIадатаб ва жубараб предложение. Журарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениял союздалъунги союзал гьечIогоги цолъизаризе бегьи ва запятаялдалъун ратIа тIезари (авалияб баян).

БитIарабкаламвалъалхъулишараби.Диалог.Диалогалдацебетире.

**Фонетикаваграфика.Орфография**

Фонетика. МацIалъул бутIа хIисабалда гьаракь. Каламалъул гьаркьал. Рагьарал гьаркьал ва хIарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. Лабиалиял гьаркьал ва геминатал.

Графика. Алфавит. **Я, е, ё, ю** хIарпал. **Ъ, ь** хIарпал ва гьез тIубалеб хъулухъ.

Слог.РагIицомухъидасацогимухъиде,слогаздебикьун,боси.

Ударение.

РагIулфонетикиябразбор.

**Лексика.Каламалъулкультура**

Лексикаялъул хIакъалъулъ бичIчIи. МацIалъул бутIа хIисабалда лексика. РагIи ва рагIул лексикияб магIна. Цо магIнаялъул ва гIемер магIнаялъул рагIаби. РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Омонимал (лъай-хъвай гьаби). Синонимал. Антонимал.

**Морфемика.Орфография.Каламалъулкультура**

Морфема–рагIулбищунгьитIинабмагIнаяббутIа.РагIуласлуваахир.

РагIулъ ахиралъ тIубалеб хъулухъ. Кьибил цоял рагIаби. РагIул кьибил. Суффикс. Суффиксалъул рагIулъ тIубалеб хъулухъ. РагIул кьибилалъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиси. РагIул гIуцIиялъул разбор.

**Морфология.Орфография.Каламалъулкультура.ПредметиябцIар**

Предметияб цIар. Предметияб цIаралъул гIаммаб магIна ва гьелъул грамматикиял гIаламатал.

ХасалвагIаммалпредметиялцIарал.ХасалцIаразул(гIадамазул,

географиял цIаразул, къватIазул, байданазул цIаразул, тарихиял лъугьа-бахъиназул ва пачалихъиял байрамазул цIаразул) бетIералда кIудияб хIарп. ТIахьазул, газетазул ва журналазул, суратазул, кинофильмабазул, спектаклязул, литературиял ва музыкалиял асаразул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Гьел цIарал кавычкабаздалъун ратIа гьари. Цо-цо гIаммал цIарал хасаллъун ккей.

Предметияб цIаралъул жинс. Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма. ГIицIго цолъул формаялда хIалтIизарулел предметиял цIарал. ГIицIго гIемерлъул формаялда хIалтIизарулел предметиял цIарал. ГIемерлъул форма лъугьунаго, аслуялъулъ кколел хиса-басиял.

ПредметиябцIаралъулморфологиябразбор.

**Глагол**

Каламалъул бутIа хIисабалда глагол. Предложениялъулъ глаголалъ тIубалеб хъулухъ. Рухьарал ва тIадчIарал глаголал. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал.

Глаголияб цIар. Глаголалъул заманаби: араб, бачIунеб, гIахьалаб, гьанже заман, гьел лъугьин ва гьезул буголъиялъул, гьечIолъиялъул форма.

Глаголалъулморфологиябразбор.

**6 КЛАСС**

**МацI ва калам. МацI гIадамазда гьоркьоб бухьен гьабиялъул алат хIисабалда**

Авар мацI Дагъистан Республикаялъул пачалихъияб ва магIарул миллаталда гьоркьоб бухьен гьабиялъул мацI хIисабалда. Авар литературияб мацI.

КIалзул ва хъвавул калам. Диалог ва монолог. Монологияб каламалъул тайпаби (хабарияб, сипатияб ва пикрияб). Диалогалъул тайпаби.

Тексталъул магІнаяб анализ: гьелъул гІуцІиялъул хаслъаби, темабазул къадар ва абзацал, тексталъулъ предложениял цоцазда рухьинариялъул къагІидаби ва алатал. Тексталъул план. Цо кинаб бугониги бакІалъул, тІабигІаталъул, рукъалъул ва инсанасул сипат-сурат гьаби.

Ишалъулабстиль.ГІарза.Расписка.

**Лексикавафразеология**

Лексикаялъул хІакъалъулъ 5 абилеб классалда малъараб материал такрар гьаби.

Киназго хІалтІизарулел рагІаби. Диалектиял (бакІалъулал) ва пишачилъиялъулал рагІаби. КьучІдасанго ругел авар мацІалъул ва цогидал мацІаздаса рачІарал рагІаби. ЦІиял ва басралъарал рагІаби. Фразеологиял сверелал. Лексикаялъул разбор.

**РагІилъугьинвабитІунхъвай**

5абилебклассалдамалъарабматериалтакраргьаби.

РагІи лъугьин лингвистикаялъул бутІа хІисабалда.

ЦІиял рагІаби лъугьиналъул аслиял къагІидаби: а) суффиксаздалъун; б) кІиго рагІи яги кІиго кьибил жубаялдалъун; в) цо каламалъул бутІаялъул рагІи цогиялде свериялдалъун; г) рагІул флексиялдалъун; д) ударениялъ бакІ хисиялдалъун (авалияб бичІчІи).

Журарал рагІабазул битІунхъвай. РагІи лъугьиналъул ва морфемиял словарал.

**ПредметиябцІар**

Предметияб цІар падежазде свери (цолъул формаялда). Предметияб цІаралъул гІемерлъул форма лъугьин. (Тема гІатІид гьаби). ГІемерлъул формаялда предметиял цІарал падежазде свери. Падежазул ахиразул битІунхъвай.

**Прилагательное**

Прилагательное.ГІаммабмагІна,морфологиялгІаламаталва

предложениялъулъ тӀубалеб хъулухъ. Качествиял, гьоркьоблъиялъулал ва бетӀергьанлъи бихьизабулел прилагательноял. Прилагательное жинсгун формаялъулъ предметияб цӀаргун рекъонккей.

Предметияб цӀарлъун хӀалтӀизарурал прилагательноял падежаздесвери.

ГӀурусмацӀалдасарачӀаралприлагательноязулбитӀунхъвай.

**РикӀкӀен**

КаламалъулбутӀахӀисабалдарикӀкӀен.

ГӀуцӀиялде балагьун, гӀадатал, журарал, составиял рикӀкӀенал ва гьезул битӀунхъвай.

Къадаралъул рикӀкӀен ва разрядал: цадахълъи бихьизабулел, щаклъи бихьизабулел, тӀолголъи бихьизабулел, бутӀа бичӀчӀизабулел (дробазул); гьезул битӀунхъвай.

Иргадул рикӀкӀен ва гьелъул битӀунхъвай. КъадаралъулваиргадулрикӀкӀеналпадежаздесвери.

**ЦӀарубакӀ**

КаламалъулбутӀахӀисабалцӀарубакӀ.

МагӀнаялде балагьун, цӀарубакӀазул разрядал: гьумералъул, ишараялъул, баянлъул, баянлъи гьечӀел, суалиял, абсолютиял (гьечӀолъиялъул), жибголъиялъул.

ЦӀарубакӀалпадежаздесвери.ЦӀарубакӀазулбитӀунхъвай.

**Причастие**

Причастие – глаголалъул хасаб форма: гьелъул магӀна, морфологиял гӀаламатал, предложениялъулъ причастиялъ тӀубалеб хъулухъ.

Причастиялсверелалвагьезулълъалхъулишараби.

Арабзаманалъулпричастие.ГӀахьалабзаманалъулпричастие.БачӀунеб заманалъул причастие. Причастиялъул буголъиялъул ва гьечӀолъиялъул формаби. Предметияб цӀарлъун хӀалтӀизабураб причастие падежазде свери.

**Деепричастие**

Деепричастие–глаголалъулхасабформа, гьелъулмагIна,морфологиял гIаламатал, предложениялъулъ деепричастиялъ тIубалеб хъулухъ.

Арабзаманалъулдеепричастие.ГIахьалабзаманалъулдеепричастие.

Деепричастиял сверелал за гьезулъ лъалхъул ишараби.

**7 КЛАСС**

**МацI ва калам. МацI гIадамазда гьоркьоб бухьен гьабиялъул алат хIисабалда**

МацI цо хIалалда чIечIого цебе тIун хиси. Халкъалъул маданияталда, тарихалда ва мацIалда гьоркьоб бухьен. Авар мацIалъулъ жакъа къоялда кколел хиси-басиял.

Жакъасеб авар мацIалъул хIалтIулел формаби: литературияб мацI, наречиял, диалектал, щибаб росдал сверел (говорал), гIадатияб мацI, пишачилъиялъулал хаслъаби.

Текст. Тексталъул тайпаби: сипатияб, хабарияб ва пикрияб, гьезул хаслъи.

Публицистикаялъул стил. Публицистикаялъул стилалъул аслиял жанрал: макъала, очерк, интервью, доклад.

**Глагол**

Глаголалъулмурадиябформа(инфинитив).Глаголалъулгьабизабулформа.

Глаголалъултакрарлъиялъулформа.

Араб,гьанжевабачIунебзаманалъулсоставиялглаголал.

Глаголалъул наклонениял. Глаголалъул хабарияб наклонение. Глаголалъул тIалабияб наклонение ва гьелъул гьари магIнаялъул ва гьесизариялъулформаби.Глаголалъулсуалиябнаклонение.Глаголалъул

шартIияб наклонение ва гьелъул анищалъул форма. Глаголалъул наклонениязул буголъиялъулги гьечIолъиялъулги формаби.

ГлаголазулбитIунхъвай.

**Наречие**

Наречие. ГIаммаб магIна ва грамматикиял гIаламатал. Наречиялъул разрядал. Ишалъул куцалъул наречие. Заманалъул наречие. БакIалъул наречие. Къадаралъул наречие. ГIилла-мурадалъул наречие. Жинсияб гIаламат цIунарал наречиял.

Наречиелъугьин.НаречиязулбитIунхъвай.

**КумекалъулалкаламалъулбутIаби.Союз**

Кумекалъулал каламалъул бутIаби хIисабалда союзал. СокIкIиналъул ва нахърилълъиналъул союзал. СокIкIиналъул союзазул группаби: цолъизариялъул, дандеккунгутIиялъул, гьоркьоса рахъиялъул. Союзазул битIунхъвай.

**Частицаби**

Частицаби.МагIнаялдевакIваралдебалагьун,частицабазулгруппаби.
ЧастицабазулбитIунхъвай.

**ХадурегIел**

ХадурегIел.ХадурегIелаллъунхIалтIизарулелнаречиял.ХадурегIелаз жидедаго цадахъ цо хасал падежал тIалаб гьари.

**Междометие**

РагIабазул хасаб группа хIисабалда междометиял. Каламалъулъ междуметиязул бугеб кIвар. Предложениялъулъ интонациялдалъун ва лъалхъул ишараздалъун междометиял ратIа гьари.

**8 КЛАСС**

**МацI ва калам. МацI гIадамазда гьоркьоб бухьен гьабиялъул алат хIисабалда**

АвармацIавараззулгунгIандисезулмацIазулцоябккей.

ТекствагьелъуласлиялгIаламатал.Хабариял,сипатиялвапикриял текстазул хаслъаби.

Ишалъулабстиль.Баяналъулаб(баянкьураб)кагъат.Автобиография. Характеристика.

**Синтаксисвапунктуация**

МацIалъул бутIа хIисабалда синтаксис. Синтаксисалъул бутIаби: рагIабазул дандрай ва предложение. Синтаксисияб бухьен: сокIкIиналъулаб бухьен, нахъбилълъиналъулаб бухьен (гIаммаб бичIчIи кьей). Пунктуация. Лъалхъул ишарабаз тIубалеб хъулухъ.

**РагIабазулдандрай**

РагIабазулдандраялъуласлиялгIаламатал:кIигояцIикIкIунрагIулцолъива гьездагьоркьобнахъбилълъараббухьенбукIин.АслиябрагIухъ балагьун,

рагIабазул дандраялъул тайпаби: глаголиял, цIарулал ва наречиязулал. РагIабазул дандраялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб нахъбилълъиналъулаб бухьеналъул тайпаби: рекъонккей, управление, примыкание (лъай-хъвай гьаби). РагIабазул дандраязул синтаксисияб анализ.

**Предложение**

Предложение ва гьелъул гIуцIи. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияал, тIалабиял ва суалиял. АхIул предложение. Гьезул интонациялъулъ ва магIнаялъулъ ругел хаслъаби. Предложениязулъ рагIабазул тартиб. Логикияб (магIнаялъулаб) ударение. БетIералчленазулкъадаралдебалагьун,гIадаталпредложениязултайпаби:цо составалъулал, кIиго составалъулал, лъабго составалъулал. Жиделъ бетIерал гурел членал рукIиналде ва рукIунгутIиялде балагьун, предложениязул тайпаби (тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял). ТIурарал ва тIурачIел предложениял. ТIурачIел предложениял диалогалъулъ, тIурачIел предложениязул интонация.

**ЛъабгосоставалъулалпредложениялПредложениялъулбетIерал членал**

Предложениялъул бетIерал членал хIисабалда подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение.

Подлежащее.ПодлежащеелъунбатIи-батIиялкаламалъулбутIабиккей. Подлежащеялъулпадежиялформаби.

Сказуемое. ГIадатаб сказуемое. Составияб сказуемое: цIарулаб составияб сказуемое, глаголияб составияб сказуемое. Сказуемоелъун кколел каламалъул бутIаби.

Подлежащеялдагисказуемоялдагигьоркьобтире.

БитIараб дополнение. БитIараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби. Аслияб падежалда бугеб подлежащеялдаги битIараб дополнениялдаги гьоркьоб батIалъи.

**ПредложениялъулбетIералгурелчленал**

Хъвалсараб дополнение. Хъвалсараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби.

Определение. Определениелъун кколел каламалъул бутIаби. Рекъон ккарабги ва рекъон ккечIебги определение. Цадахълъел. Цадахълъелазулъ лъалхъул ишараби.

ХIал. МагIнаялде балагьун, хIалазул тайпаби: заманлъун, бакIлъун, ишалъул куцлъун, гIилла-мурадлъун кколел хIалал.

**ЦоягикIигосоставалъулпредложениязултайпаби.**

Цо яги кIиго составалъул предложениял ва гьезул грамматикиял гIаламатал. Подлежащее гIаммаб предложение. Подлежащее гьечIеб предложение. БитIараб дополнение гьечIеб предложение. ЦIарлъовул предложение.

**Тайпацоялчленалгунпредложениял**

Предложениялъултайпацоялчленал,гьезулгIаламатал,гьел

цолъизариялъул алатал. Союзазул кумекалдалъун, союзал гьечIого, гIицIго интонациялъул кумекалдалъун предложениялъул тайпа цоял членал цолъизари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Тайпа цоял членалгун гIамлъул рагIаби ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

**ХитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун, У ва ГУРО рагIабигун ва междометиялгун предложениял**

ХитIаб. ТIибитIараб ва тIибитIичIеб хитIаб. ХитIабалъул аслияб хъулухъ. ХитIабалда цадахъ лъалхъул ишараби.

ГьоркьорккаралрагIаби,предложениялвагьезулълъалхъулишараби.

**У**ва**гуро**рагIабигунвамеждометиялгунпредложениялвагьезулълъалхъул ишараби.

**РатIалъизарурал членалгун предложениял**

РатIалъизаруралчленазулхIакъалъулъбичIчIикьей.

РатIалъизарурал определениял ва цадахълъелал.

РатIалъизаруралхIалал.ХIалалдурусгьаризехIалтIизарулелрагIабива рагIабазул дандраял.

РатIалъизарурал членазда цадахъ хасал рагIаби.

РатIалъизарурал членазулъ лъалхъул ишараби.

ЛъалхъулишараздалъунмеждометиялратIагьари.

**9 КЛАСС**

**МацIвакалам.МацIгIадамаздагьоркьоббухьенгьабиялъулалат хIисабалда**

ОбществоялъулгIумруялъулъмацIалъулкIвар.МацIцебетIей.ГIурус мацIалъул кумекалдалъун авар мацI бечелъи ва цебетIей. Миллияб маданият цебетIеялъулъ авар мацIалъул кIвар. Авар мацIалда тIад хIалтIарал гIалимзабазул хIакъалъулъ къокъал баянал (П. К. Услар, Л. И. Жирков, А. А. ва Е. А. Бокаревал, М. М. МуртазгIалиев, Г. И. Мадиева, А.С. Чикобава

вагь.ц.

Монологияб ва диалогияб калам, кIалзул ва хъвавул калам (такрар гьаби).

Текст ва гьелъул аслиял гIаламатал (гIамлъизаби). Каламалъул тайпабазул хаслъи (хабар бицин, сипат-сурат гьаби, пикру загьир гьаби) (гIамлъизаби).

**Жубарабпредложение.ЖубарабсокIкIарабпредложение**

Жубараб предложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи. Журарал предложениязул тайпаби: журарал сокIкIарал ва журарал нахърилълъарал.

Жубараб предложениялъул бутIабазул магIнаялъулаб, гIуцIиялъулаб ва интонациялъулаб цолъи.

ЖурараласокIкIаралпредложениязулхIакъалъулъгIаммаббаян.

Цолъизарул,дандеккунгутIиялъул,гьоркьосарахъиялъулсоюзалгун журарал сокIкIарал предложениял.

ЖурараласокIкIаралпредложениязулълъалхъулишараби.

**Жубарабнахъбилълъарабпредложение**

ЖубарабнахъбилълъарабпредложениялъулхIакъалъулъбичIчIи.

БетIераб ва тIаджубараб предложение.

Нахърилълъиналъул союзрагIабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. Нахърилълъиналъул союзрагIабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби.

Нахърилълъиналъул союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениял.

Подлежащеелъун тIаджубараб предложение. БитIараб дополнениелъун тIаджубараб предложение. Хъвалсараб дополнениелъун тIаджубараб предложение. Определениелъун тIаджубараб предложение. ХIаллъун тIаджубараб предложение. Ишалъул куцлъун тIаджубараб предложение. БакIлъун тIаджубараб предложение. Заманлъун тIаджубараб предложение.

ГIилла-мурадлъунтIаджубарабпредложение.ШартIиябтIаджубараб предложение. Уступительнияб тIаджубараб предложение.

ЦочанготIаджубарабгунбугебжубарабнахъбилълъарабпредложение. ГьелъулгIуцIивалъалхъулишараби.

Нахърилълъиналъул союзрагIаби гьечIого жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби.

**СоюзалгьечIебжубарабпредложение**

Союзал гьечIеб жубараб предложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи. Союзал гьечIеб жубараб предложениялъул бутIабазул цоцаздехун бугеб гьоркьоблъи.

Тартибалда унеб лъугьа-бахъин бихьизабулеб союзал гьечIеб жубараб предложение. Союзал гьечIеб жубараб предложениялъулъ запятая ва тIанкIгун запятая.

ГIилла бихьизабулеб, яги баян кьолеб, ялъуни баян гIатIид гьабулеб союзал гьечIеб жубараб предложение. Союзал гьечIеб жубараб предложениялъулъ кIитIанкI.

Дандекквей, заман, шартI, хIасил ва хехаб хис-бас ккей бихьизабулеб союзал гьечIеб жубараб предложение. Союзал гьечIеб жубараб предложениялъулъ тире.

**БитIарабвахъвалсарабкалам**

БитIараб ва хъвалсараб калам. БитIараб каламгун предложениял ва гьенир лъалхъул ишараби. БитIараб каламалда ва авторасул рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

Хъвалсарабкаламгунпредложение.БитIарабкаламхъвалсаралдалъун хиси.

Цитаталвагьенирлъалхъулишараби.

**АВАРМАЦIАЛЪУЛКУРСЛЪУГIУНХАДУБКЬОЛЕЛХIАСИЛАЛ**

## НапсиялхIасилал

АслиябшколалъугIаралцIалдохъабигьалхадуселнапсиялхIасилазде щола:

***гражданиябгунпатриотикиябтарбиякьеялъулрахъалъан:***

– гражданин хIисабалда законалъ тIадаллъун гьарурал борчалги тIуразаризе, жиндирго ихтиярал гIумруялде рахъинаризе, гьединго ихтияразул адаб-хъатир гьабизе, цогидал гIадамазул закониял интересал цIунизе хIадурав вукIине;

– хъизаналъул, лъай кьеялъул идарабазул, бакIалъул обществоялъул, гIагараб ракьалъул, улкаялъул гIумрулъулъ гIахьалъизе;

– инсанасул гIумруялъулъ батIи-батIиял социалиял институтазул бугеб кIвар бичIчIизе;

– гражданинасул аслиял ихтияразул, гьесие кьолеб эркенлъиялъул ва гьесда тIадал ишазул, социалиял нормабазул ва батIи-батIияб маданияталъул ва диналъул гIадамал ругел обществоялъулъ хьвада-чIвадиялъул къагIидабазул хIакъалъулъ бичIчIи букIине;

– цадахъго батIи-батIияб хIалтIи гьабизеги, цогидалгун хIал рекъезабизеги, цогидазе кумек гьабизеги хIадурав вукIине;

– школалъул ишал цо хасаб чIезабураб къагIидаялда рачиналъулъ гIахьаллъизе;

– цIикIкIаразеги гьитIиназеги кумек гьабизе хIадурав вукIине (кумек къваригIани);

– батIи-батIияб маданияталъул ва диналъул гIадамаз гIумру гьабулеб пачалихъалъул гражданин жив кколевлъи бичIчIизе;

– Дагъистан республикаялъул пачалихъиябги магIарул миллаталда гьоркьоб бухьен гьабиялъулги мацI хIисабалда авар мацIалъул бугеб кIвар бичIчIизе;

– авар мацIги, Дагъистан республикаялъул ва Россиялъул тарихги, маданиятги, гIагараб ракьалъул маданиятги, Дагъистаналъул ва Россиялъул миллаталги лъазе хIаракат бахъизе;

– авар мацIалдехун, гIагараб ВатIаналъ ккурал бергьенлъабаздехун, гIелмуялдехун, искусствоялдехун, рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялдехун ва халкъалъ хIалтIулъ росарал бергьенлъабаздехун къиматаб бербалагьи гьабизе;

– Дагъистаналъул ва Россиялъул гIаламатазул (символазул), пачалихъиял байрамазул, памятниказул, гIагараб ВатIаналда гIумру гьабулел батIи-батIиял миллатазул гIадатазул хIурмат гьабизе;

***рухIияб тарбия кьеялъул рахъалъан:***

– инсанасул рухIияб бечелъи, гIакълу, пагьму, бажари цебетIезабиялъулъ рахьдал мацIалъ тIубалеб хъулухъ ва школалъулаб лъай щвезабиялъулъ гьелъул бугеб кIвар бичIчIизе;

– жиндирго ва цогидал гIадамазул хьвада-чIвадиялъе, цо къасдалда гьабурабишалъе,лъикIаббугонигиягиквешаббугонигигьабурабкIалъаялъе къимат кьезе хIадурав вукIине;

***эстетикияб тарбия кьеялъул рахъалъан:***

– авар мацIалъул эстетикияб бечелъи бичIчIизе; рахьдал мацIалдехун цIуна-къараб, хIурматияб бербалагьи букIине, гьелдаса чIухIизе, миллияб маданият хIисабалда авар мацIалъул бацIцIалъи цIунизе;

– пикру загьир гьабизеги гIадамазда гьоркьоб бухьен гьабизеги художествияб культураялъул бугеб кIвар бичIчIизе;

– пикру загьир гьабизеги гIадамазда гьоркьоб бухьен гьабизеги авар мацIалъул бугеб кIвар бичIчIизе;

– культураялда хурхарал миллиял гIадатазул ва халкъияб творчествоялъул бугеб кIварги нилъер ВатIаналъул искусствоялъул бечелъиги бичIчIизе;

***сахлъицIуниялъултарбиякьеялъулрахъалъан:***

– жииндирго сахлъиялъул (чорхое пайдаяб квен, гигиеналъул къагIидаби цIуни, жиндир заманалда хIалтIизе ва хIухьбахъизе лъай, гьоркьоса къотIичIого зарядка гьаби) агъаз гьабизе ва сахаб гIумру гьабиялде кIвар кьезе;

– сахлъиялъе заралияб гIамал-хасият тезе (гIаракъиялдаса, наркотикал хIалтIизариялдаса, хъалиян бухIиялдаса инкар гьаби);

***захIматалъултарбиякьеялъулрахъалъан:***

– хъизаналда,школалда,росулъ(шагьаралда),районалдатIоритIулел захIматалда хурхарал батIи-батIиял ишазулъ гIахьаллъи гьабизе;

– хъвадарухъабаз, журналистаз ва филологаз гьарулел хIалтIабазулгун лъай-хъвай гьабизе;

– захIматалъулвагьелъулърихьизарулелхIасилазулхIурматгьабизе;

– гIумруялъе чара гьечIел планал гьаризе ва гьезул хIакъалъулъ бицине бажаризе;

***экологиябтарбиякьеялъулрахъалъан:***

– сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялда хурхарал суалазда тIаса мухIканго ва дурусго пикру загьир гьабизе;

– сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялда хурхарал захIматал суалал ричIчIизе ва гьел тIуразариялъул нухал ралагьизе;

– сверухъбугебтIабигIаталъезарапгьабулелишаздедандечIезе;

– сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялда хурхарал тадбиразда гIахьаллъизе хIадурав вукIине.

## МетапредметиялхIасилал

Авар мацI лъазабиялъул хIасилалда аслияб школалда цIалдохъаби ругьунлъула нахъгIунтIиялъулал хIалтIаби гьаризе (**Познавательные** УУД). Гьезда бажарула:

– мацIалъулбутIабазулкIварбугелгIаламаталгимацIалъулъкколел

хиса-басиялгитIатинаризевагьезиехарактеристикакьезе;

– кIварбугебгIаламатгихIисабалдебосун,мацIалъулбутIабазулклассификация гьабизе;

– батIи-батIиял жанразул ва стилазул текстал батIи-батIияб къагIидаялъ щулаго цIализе;

– батIи-батIиялжанразулвастилазултекстазулхIасилгIенеккундандрекъон кколеб хIалалъ бичIчIизе;

– кIалзул ва хъвавул формаялда бицараб жо дандрекъон кколеб хIалалъ бичIчIизе;

– текстазулъругелбаяналгIамлъизаризевагьезуланализгьабизе;

– батIи-батIиял бакIаздаса (масала, газетаздаса, журналаздаса, радиоялдаса, телевидениялдаса, интерненталдаса) информация босизе; баян (справка) кьолеб адабияталдаса, батIи-батIиял тайпабазул словараздаса эркенго пайда босизе;

– цо чIванкъотIараб темаялда тIасан материал тартибалде лъеялъулги тIасабищиялъулги къагIидаби гъваридго лъазаризе; живго жиндаго чIун, ай жинцаго информация балагьизе; гIенеккун яги цIалун щвараб информация кьучIдасан хисизабун цIидасан гIуцIизе, цIунизе ва битIун кьезе;

– жидер стилистикиял хаслъабазде, хIасилалде ва пайда босарал мацIалъул алатазде балагьун, рицарал пикраби дандекквезе;

– гIенеккунрагIарабягицIаларабтексталъулхIасилцIигьабунбицине;

– батIи-батIиял тайпабазул, стилазул ва жанразул хъвавул ва кIалзул текстал гIуцIизе;

– кIалзул ва хъвавул формаялда эркенго ва битIун жиндирго пикру рекъезабун сокIкIине, текст гIуцIиялъул нормаби цIунизе;хIакъикъаталдехун, сверухъ тIабигIаталда кколел лъугьа-бахъиназдехун цIалараб, рагIараб ва бихьараб жоялдехун жиндирго бербалагьи загьир гьабизе;

– монологалъул ва диалогалъул батIи-батIиял тайпаби лъазе (ай, цо лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ, хадуб-цебе ккезабун, бицине; жиндирго пикру загьир гьабизе, мацIалъул ресаздалъун лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ бицине, батIи-батIиял пикраби дандразе, гьира базабизе, цIехолдизе);

– каламалъулъ жакъасеб авар литературияб мацIалъул битIунабиялъул, лексикиял, грамматикиял, стилистикиял аслиял нормаби дурусго цIунизе; хъвадарулагобитIунхъваялъулвапунктуациялъуласлиялкъагIидабидурусго цIунизе.

Аслияб школа лъугIулел цIалдохъаби ругьунлъула хурхен гьабиялъул хIалтIаби гьаризе (**коммуникативные** УУД). Гьезда бажарула:

– хъвавул текстазулъ, кIалзул монологияб каламалъулъ, диалогазулъ ва цо кинал ругониги суалазда тIаса тIоритIулел бахIсазулъ жиндирго пикру загьир гьабизе;

– каламалъул этикаялъул нормабиги цIунун, гара-чIвариялъулъ гIахьаллъизе;

– аудиториялда гIел бащадазда цеве кIудиял гьечIел докладалгун, лекциялгун ва рефераталгун кIалъазе;

– накъиталъулъ (гара-чIвариялъулъ) гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизе, диалогалъулъ гIахьаллъизе;

– батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щивасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизе;

– цо кинаб бугониги тIадкъай цогидазда цадахъ тIубазе, дагIба-къецалъулъ гIахьаллъизе, кIвар бугел темабазда тIаса кIалъазе;

– цогидазул хиялазда (къасдазда) нахъгIунтIизе, жинда кIалъалев чиясул хIурмат гьабизе ва гьесул пикруялда разилъунгутIи адабалдалъун бихьизабизе;

– гара-чIвариялъулъгьоркьоблъурабтемаялдатIасасуалаллъезе;

– цо чанго чияс загьир гьарурал пикраби гIамлъизаризе, нухмалъи гьабизе хIадурав вукIине, мугIалимасул буюрухъалъе мутIигIлъизе, гьесул тIадкъаял тIуразаризе.

АслиябшколалъугIулелцIалдохъабазуллъугьунагьабулебцIалинизамалдеккезабизебугеббажариги(**регулятивные**УУД).Гьездабажарула:

– дарсида гьабизе кколеб хIалтIул тартиб чIезабизе ва мурад лъезе, хIалтIулъ щварал хIасилазе къимат кьезе;

– жиндирго ругел ресазда рекъон цIалул масъала тIубазабиялъул къагIида тIасабищизе, гьединаб масъала тIубазабиялъул алгоритм жинцаго гIуцIизе;

– гьабулеб хIалтIул план жинцаго гIуцIизе ва, планалда рекъон хIалтIулаго, гьелъул хиса-басиял гьаризе (къваригIани);

– цIалулхIалтIабитIуразарулаго,жавабчилъижиндатIадебосизе;

– гьабулебхIалтIуекъиматкьезевагьебхисиялъулпланцебелъезе;

– цIалул масъала тIубазабулаго, дандчIвалел захIмалъаби цереккунго рихьизе ва гьелда тIаса жиндирго пикру бицине;

– цIалулхIалтIулъросаралбергьенлъабазулгIиллабаянгьабизе;

– битIккечIеб гара-чIвариялъул гIилла бихьизабизе, кIалъазе бугеб хIалбихьиялъе къимат кьезе ва цебе лъураб мурадалда рекъон жиндирго калам хисизабун дандеккезабизе;

– загьиргьаруралрекIеласаразекъиматкьезе;

– гара-чIвариялъулъцогидалчиясулкъасдалричIчIизе;

– цогидав чиясдехун ва гьес бицараб пикруялдехун лъикIаб бербалагьи гьабизе;

## ПредметиялхIасилал

**5 КЛАСС**

ЛъагIалилахиралдацIалдохъабиругьунлъула:

– «Пачалихъияб мацI» ва «Рахьдал мацI» абурал бичIчIиял баян гьаризе;

– инсанасул ва обществоялъул гIумруялъулъ рахьдал мацIалъул бугеб кIварги, гьелъул пасихIлъиги, бечелъиги, берцинлъиги бичIчIизе;

– кIалзул ва хъвавул каламалдаги, диалогалдаги, монологалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабизе; щибаб къойилаб гIумраялда ва цIалиялда цере лъурал масъалаби тIуразарулаго, калам гьабиялъул тайпабазул хIисаб гьабизе;

– художествияб литератураялъул мацIалъул, стилазул, гара-чIвариялъул каламалъул хIакъалъулъ гIаммаб бичIчIи лъугьине;

– гьаркьазе характеристика кьезе, гьаркьидаги хIарпалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи бичIчIизе, гьаркьазул системаялъе характеристика кьезе;

– рагIулфонетикиябанализгьабизе;

– хъвай-хъвагIай гьабулаго, орфографиялда тIаса щвараб лъаялдаса пайда босизе (гьединго **ъ, ь, е, ё, ю, я** хIарпалги лабиалиял гьаркьал ва геминатал рихьизирулел хIарпалги хъвалаго, орфографиялъул рахъалъ щвараб лъаялдаса пайда босизе);

– батIи-батIиял къагIидабаздалъун (кьибил цоял рагIаби, синонимал ва антонимал ралагьун; словаралъул кумекалдалъун ва гь.ц.) рагIул лексикияб магIна баян гьабизе;

– цо магIнаялъул ва гIемер магIнаялъул рагIаби ратIа гьаризе; рагIул битIараб ва хъвалсараб магIна бихьизабизе;

– синонимал, антонимал, омонимал ратизе, омнимал ва гIемер магIнаялъул рагIаби цоцаздаса ратIа гьаризе;

– рагIуллексикиябанализгьабизе;

– лексикиял, ай рагIул магIна баян гьабулел, синонимиял, антонимиял, омонимиял словараздаса пайда босизе;

– мацIалъулбищунгогьитIинаббутIахIисабалдаморфемалъе

характеристикакьезе;

– рагIулъ морфемаби (кьибил, суффикс, ахир) рихьизаризе, рагIул аслу батIа гьабизе;

– морфемабазулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял ратизе;

– рагIулморфемиябанализгьабизе;

– цо кинаб бугониги мацIалъул анализ гьабулаго яги битIунхъваялъулъ морфемикаялда тIаса щвараб лъаялдаса пайда босизе;

– лексикиябгун грамматикияб магIнаялдеги морфологиял ва синтаксисиял гIаламатаздеги балагьун, рагIи цо чIванкъотIараб каламалъул бутIалъун букIине кколеблъи бичIчIизе;

– глаголалвапредметиялцIаралратIагьаризе;

– глаголазулвапредметиялцIаразулморфологиябразборгьабизе;

– жиндирго каламалъулъ морфологиялъул рахъалъ щвараб лъаялдаса пайда босизе;

– предметияб цIаралъул гIаммаб магIна, гьелъул морфологиял гIаламатал ва гьелъ предложениялъулъ тIубалеб хъулухъ бихьизабизе; предметияб цIаралъул каламалъулъ бугеб кIвар баян гьабизе;

– предметияб цIаралъул лексикиялгун грамматикиял разрядал рихьизаризе;

– глаголалъул гIаммаб магIна, гьелъул морфологиял гIаламатал ва гьелъ предложениялъулъ тIубалеб хъулухъ бихьизабизе; глаголалъул рагIабазул дандраялъулъ ва предложениялъулъ, гьединго каламалъулъ бугеб кIвар баян гьабизе;

– рухьарал ва тIадчIарал, жинсиял ва жинсиял гурел глаголал ратIа гьаризе;

– глаголияб цIар ва глаголалъул заманалъул формаби цоцада дандекквезе;

– араб, бачIунеб, гIахьалаб ва гьанже заманалъул глаголал каламалъулъ хIалтIизаризе;

– глаголазулморфологиябанализгьабизе;

– синтаксисалъул бутIаби (рагIабазул дандрай ва предложение) ратIа гьаризе;

– предложениялъулъ рагIабазул дандрай батIа гьабизе, гьелъул гIуцIиялъул анализ гьабизе, рагIабазул дандраялъулъ рагIабазда гьоркьоб магIнаялъулаб бухьен чIезабизе;

– аслиялгIаламатаздебалагьун,предложениялъулгIурхъичIезабизе;

– жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва нтонациялде балагьун, предложениял ратIа гьаризе.

– предложениялъулбетIералчленалратизе:подлежащее,сказуемое, битIараб дополнение;

– предложениялъулбетIералгурелчленалратизевагьезултайпаби чIезаризе;

– тексталъулъхитIаббатизе,подлежащеялдагигьелдагигьоркьоббугеб батIалъи бихьизабизе;

– грамматикияласлуязулкъадаралдебалагьун,гIадаталважурaралпредло жениял цоцаздаса ратIа гьаризе;

– кьуралсхемабаздарекъонжурaралпредложениялгIуцIизе;

– автросулрагIабивабитIарабкаламбихьизабизе;

– битIарабкаламгунпредложениялъулълъалхъулишарабилъезе;

– диалогалъулхIакъалъулъбичIчIибукIине;

– предложениялъулсинтаксисиябразборгьабизе;

**6 КЛАСС**

– авар мацIалъе Дагъистан Республикаялъул пачалихъияб ва магIарул миллаталда гьоркьоб бухьен гьабиялъул мацI хIисабалда характеристика кьезе;

– художествияб ва гIелмиябгин гIатIидго тIибитIараб литератураялъул кьучIалда хабарияⅼ, сипатияⅼ ва пикрияⅼ монологал гIуцIизе;

– диалогалъулбатIи-батIиялформабигIуцIизе;

– тексталъул анализ гьабизе (гьелъул гIуцIиялъул хаслъи, тема ва абзацал, тексталъулъ предложениял цоцазда рухьинариялъул къагIидаби ва алатал рихьизаризе);

– тексталъулплангIуцIизе;

– цокинаббугонигибакIалъул,тIабигIаталъул,рукъалъулваинсанасул сипат-сурат гьабун, текст гIуцIизе;

– ишалъулабстилалъулхаслъибихьизабизе(гIарза,расписка);

– кьучIдасанго ругел авар мацIалъул ва цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби ратIа гьаризе;

– диалектиял (бакIалъулал) ва пишачилъиялъулал рагIаби ратIа гьаризе;

– цIиялвабасралъаралрагIабикаламалъулърихьизаризе;

